# ГҮЗ ҚЫС ШТАБЫ ХАЛЫҚ ХЫЗМЕТИНДЕ

**А.Амирханов**

Қараөзек районы АЖБ АЖПБ баслығы капитан.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.18112792*

Гүз-қыс мәўсими даўамында районымыздағы коммуникация тармақларында жүз бериўи мүмкин болған авариялық жағдайлардың алдын алыў ҳәм жүз бергенде тезлик пенен сапластырыў, тутыныўшыларды тәбийғый газ, электр энергиясы ҳәм ишимлик суўы менен үзликсиз тәмийинлеў, соның менен бирге пуқаралардың зәҳәрли гәзден зәҳәрлениў ҳәм өртлер менен байланыслы болған бахытсыз ҳәдийселердиң алдын алыў мақсетинде район ҳәкимлигинде тийисли тараў қәнигелеринен ибәрат күни-түни хызмет көрсетиўши гүз-қыс штабы шөлкемлестирилди.

Штабтың тийкарғы ўазыйпасы пуқаралардың мүрәжатлерин қабыл етиў ҳәм оларды тийисли мекемелер тәрепинен унамлы шешилиўин шөлкемлестириў болып табылады.

Бүгинги күнге келип пуқараларымыз тәрепинен гүз-қыс штабына жылытыў қазан морысының тығылыўы ҳәм өшип қалыўы, газ плитасынан газ ийисиниң шығып турғанлығы бойынша мүрәжатлер келип түсти ҳәм бул мүрәжатлер тийкарында Айрықша жағдайлар бөлими, “Қараөзекрайонгаз” ГТБ ҳәм авариялық-тиклеў топары ағзалары тәрепинен пуқаралардың қазан морыларын тазалаў ҳәм қағыйда талаплары тийкарында орнатыў, газ плиталарына техникалық ревизиялаў жумыслары алып барылды.

Мүрәжатлардың келип түсиўи жағдайлары үйренилгенде көбинесе жылытыў қазанларының турақ жайлардың ишки бөлмелерине қурылғанлығы, морыларының қағыйда талаплары тийкарында орнатылмағанлығы ҳәм тазаланбағанлығы себебинен келип шығып атырғанлығы анықланды.

Себеби турақ жайлардың ишки бөлмелерине жылытыў қазанларын қурыў қадаған етиледи, яғный, жылытыў қазанлары турақ жайдың сыртқы тәрепинде арнаўлы ханада жайласыўы лазым болып табылады.

Қазан морысын $90^0$ градус мүйеш пенен қайырып там төбесине шығарыў морының тез тығылып қалыўына ҳәм буның нәтийжесинде зәҳәрли газ хана ишинен өтип инсәнлардың зәҳәрли газден зәҳәрлениўине алып келеди.

Жылытыў қазаны ишки бөлмеде орнатылған болса морылар $60^0$ градус мүйеш пенен қайырылып турақ жайдың там бөлиминен ямаса шифер бастырмасы бар болса шиферден 50 см бийиликте шығып турыўы лазым.

Сонлықтан пуқараларымыздан зәҳәрли газден зәҳәрлениўден сақланыў ҳәм турақ жайларда жүз бериўи мүмкин болған өртлердиң алдын алыў мақсетинде, газ плитасы, жылытыў үскенелери ҳәм қазанлардан пайдаланған ўақытта қәўипсизлик қағыйдаларына қатаң әмел етиўди, турақ жайдың ишки бөлмелерине орнталыған жылытыў қазанларын ҳәм суйылтырылған газ баллонларын турақ жайдың сыртқы тәрепине көшириўди ҳәм де қазан, печь морыларын тазалатып турыўды, стандарт талабына жуўап бермейтуғын, сертификатланмаған, қолбала усылда таярланған газ үскенелери, жылытыў печлери ҳәм резина шлангалардан пайдаланбаўды соранып қаламыз.